www.nohchalla.com

# Тхан юртахь тийна ду

**Тхан юьртахь тийна ду, наб яйна со цхьаъ ву.
Леринна лоьхуш, ца гарна кхоьруш,
Са хиллалц леларх, к1ад ца луш,
Ас лоьхург мила ю?
Ала соьга, сирла седа,
Ирсах хоьгуш, ас лоьхург мила ю?**

**Суна гуш серло ю, йижаза кхин цх1аъ ю.
Ойлане хилла, шен коре хиъна,
Ша-шега къайлах хьехавеш,
Цо вуьйцург мила ву?
Ала соьга, сирла седа,
Ирсах хоьгуш, цо вуьйцург мила ву?**

**Со хьоьга кхойкхуш ву, схьаяре хьоьжуш ву.
Хьуна ца хеза сан дега мерзаш,
Буьйсанна юртахь лекхалуш,
Хьо суна генахь ю.
Ала соьга, сирла седа,
Ирсах хьоьгуш, ас кхойкхург йог1ур юй?**

**Тхан юьртахь тийна ду, наб яйна со цхьаъ ву.
Леринна лоьхуш, ца гарна кхоьруш,
Са хиллалц леларх, к1ад ца луш,
Ас лоьхург мила ю?
Ала соьга, сирла седа,
Ирсах хоьгуш, ас лоьхург мила ю? 2р
Ирсах хоьгуш, ас лоьхург мила ю?**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)